

## Mennen pitit ou a kay yon doktè zye si ou wè youn oswa plis nan siy sa yo:



Timoun yo vle aprann sou mond yo. Vizyon an sante ede yon timoun jwe, manyen, lonje men l, rekonèt figi abityel yo, rale, mache, konprann epi dekouvari.

Vizyon twoub (ak pèt vizyon) ka lakòz yon timoun ke difikilte pou fè aktivite fasilman tankou, oswa nan menm laj avek lòt timoun.

Si pitit ou enskri nan Entèvansyon Bonè oswa li ka resevwa sèvis Edikasyon Espesyal, li enpòtan sitou pou konnen si pitit ou a wè avek pi bon vizyon yo. Yon pwoblèm vizyon ka ralanti devlopman fizik yo oswa kapasite yo pou aprann.

### Kijan zye pitit ou sanble?

- Yon grenn zye sanble kwaze, oswa ale, oswa rantre pa anndan, soti, monte, oswa desann, espesyalman lè timoun nan malad oswa fatige.
- Palpebral tonbe, ki kouvri yon pati nan Iris la (pati nan zye a ki gen koulè a).
- Yon grenn zye diferan ak lòt la.
- Zye yo gen kras, wouj, ap bay dlo, oswa anfle.

### Ki jan pitit ou a aji souvan?

- Mare figi l, fwote zye l oswa bat zye l souvan.
- Evite gade w nan zye.
- Pa rekonèt figi oswa objè yo konnen yo.
- Trè timid, trankil oswa agresif.
- Li fikse limyè klere.
- Difikilte ak mouvman ki mande koowdinasyon men ak zye, oswa pou ranmase ti objè, tankou sereyal.
- Kenbe objè tou pre figi.
- Panche tèt li sou yon bò, oswa kouvri oswa fèmen yon grenn je, pou gade yon bagay, tankou yon jwèt.
- Pa ka rete an plas/ atansyon li varye.
- Maladwa, toujou ap frape nan bagay.
- Pa rive nan etap devlopman apwopriye pou laj li (pa egzanp, ka pa lonje men l, rale, mache).



### Kisa mwen ka fè si mwen panse ke pitit mwen an pa ka wè klèman?

- Fè yon randevou ak yon oftalmolog pedyatrik oswa optometris pedyatrik ki abitye trete ti bebe ak jèn timoun.
- Chèche konnen règleman plan vizyon asirans sante pitit ou a ak pwoteksyon pou linèt yo. Sa yo ka diferan de plan vizyon gramoun ou.
- Konprann kouman tretman vizyon pitit ou a (tankou linèt, oswa pou sèvi ak yon plak pou zye), dwe itilize, anvan ou kite biwo doktè a.
- Pataje rapò doktè zye a avèk pedyat pitit ou, Espesyalis Entèvansyon Bonè, ak gadri / lekòl matènèl.

**5. Pran Aksyon: ak nepòt enkyetid vizyon, oswa pitit ou a pa pase yon tès vizyon, pa pran reta.**

Egzamen medikal anyèl pou timoun yo kouvari pa asirans sante Massachusetts, souvan gratis.

Swiv plan tretman doktè zye pou asire pi bon rezulta pou pitit ou a.

## **LYEN SOU ENTÈNÈT**

### **Jwenn yon doktè zye nan Massachusetts**

**Timoun apati nesans jiska 5 an**

<https://childrensvision.preventblindness.org/resources-3>

**Timoun ki gen andikap entelektyèl**

[www.focusonvisionandvisionloss.org/by-town.html](http://www.focusonvisionandvisionloss.org/by-town.html)

**Lis konplè Optometris MA**

[www.maoptometry.org/find-a-doctor.html](http://www.maoptometry.org/find-a-doctor.html)

**Lis konplè Oftalmològ MA**

<http://mseps.org/referral-directory-by-area-2/>

**Asistans Finansye pou Vizyon-Swen**

[www.preventblindness.org/vision-care-financial-assistance-information](http://www.preventblindness.org/vision-care-financial-assistance-information)

**Developman Vizyon nan timoun piti**

[www.preventblindness.org/your-babys-developing-sight](http://www.preventblindness.org/your-babys-developing-sight)

[www.preventblindness.org/18-visual-milestones](http://www.preventblindness.org/18-visual-milestones)

**Gade yon Egzamen Zye Timoun**

<https://wisconsin.preventblindness.org/parent-resources>

**MA STATE LAW:  
An Act Relative to Eye Examinations for  
Children, 2004: Chapter 71, Section 57:**

...Lè w ap antre nan jadendanfan oswa nan lespas 30 jou de kòmansman ane lekol la, paran an oswa gadyenchak timoun dwe prezante nan lekol lasètifikasyon pèsonèl sante ketimoun lan nan 12 mwa anvan yote pase yon tès depistaj vizyon ...

Pou timoun ki pa pase tès depistaj vizyon an ak pou timoun yo dyagnostike ak reta neurodevelopmental \*, prèv yon egzamen zye konplè ... fèt pa yon optometris oswa oftalmològ lisansyeke paran oswa gadyen timoun nan chwaziki endike nepòt dyagnostik enpòtan, tretman, pronostik, rekòmandasyon ak prèv tretman swivi, Si nesesè, dwe bay ...

\* Dyagnostike reat nerodevelopman a gen ladan, men pa limite a, timoun ki gen:

- Pèt tande
- Anomali motè tankou paralezi serebral
- Mongol
- Reta kognitif
- Pwoblèm otis espèk
- Reta pou pale
- ak lòt anko....

# **ÈSKE PITIT MWEN AN WÈ KLÈ?**

Yon jenn timoun pa ka di nou kijan yo wè, epi yo ka pa konnen oswa pote plent, si li difisil pou yo wè.



**Gid pou Paran Timoun ki nan  
Entèvansyon Bonè**